

# **Jistis ak Lapè Achiduosèz Pòtoprens**

Sekretarya Achiduosèz Pòtoprens  
56, Ri Pikan ak Lama  
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

## *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 29 43 00 79  
[justicepaixha@yahoo.com](mailto:justicepaixha@yahoo.com)  
[www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap)

Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan  
***Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

**Mwa janvye rive mas 2012**

# **42**

*Texte en français : voir pages 3 et 9  
En cas de citation du rapport, veuillez mentionner la source*

**Rapò 42 – Rapport 42**

Pòtoprens 6 avril 2012

Lèt toulouvri pou tout Otorite Sivil, pou Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyen Nasyonal Jistis ak Lapè salye n ak anpil respè. Li kontan prezante **42yèm rapò** li fin prepare sou kesyon vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Rapò sila a rann kont sou sa k te pase nan peryòd **mwa janvye rive mwa mas 2012. Nou konstate yon tandans pou vyolans lan vin pi plis nan zòn metwopoliten an kontinye, menm si mwa janvye te genyen yon ti bese. Men nan mwa janvye, nou sonje 38 moun pèdi vi yo nan yon sèl aksidan machin nan Dèlma 33. Chak jou, ant 2 ak 3 moun pèdi vi yo nan kapital Ayisyèn nan anba vyolans.** Pi fò nan yo, se zam ki touye yo. Toujou, genyen brakaj, òldòp ak vòl k ap fèt ak zam.

Nou dedye rapò sila a nan memwa Jounalis Jean Leopold Dominique ak Gadyen 1 Jean-Claude Louissaint, yo te asasinen nan dat 3 avril 2000. Sa fè 12 lane kounye a. 9 jj enstriksyon pase sou dosye a, men limyè verite ak jistis la toujou pa kab fèt sou krim sila yo.

Nou bay kòm refleksyon sou rapò sa a : **Eske genyen yon volonté politik ?** Anpil moun panse se sitou ak pi plis represyon, ak pi plis zam, menm ak lame pou kreye sekirite. Men, lè n gade byen, Komisyen an kwè se twòp enpinite ki genyen. Menm sous ak lakòz zak ensekirite yo pa janm detèmine yon fason klè. Lajistis pa endepandan pou fè jijman, ankèt yo pa abouti, pa gen sanksyon pou moun ki fè sa k pa sa. **Komisyon an panse pou genyen yon klima sekirite nan peyi a, dwe genyen jistis ak verite nan tribunal yo, epi dwe genyen pi plis jistis sosyal nan mitan sitwayen ak sitwayèn yo. Otorite yo dwe montre yo genyen kapasite ak volonté pou reyalize yo.**

Sekretarya Komisyon an ap remèsyé tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye enfòmasyon yo, tankou HUEH ak PNH. Komisyon an salye n ak anpil respè, epi li di n mèsi pou atansyon n ap bay 42 yèm rapò sila a.

#### *Lettre ouverte aux Autorités Civiles, Judiciaires et Policières du pays*

La Commission Nationale Justice et Paix vous salue respectueusement. Elle a l'honneur de vous présenter **son 42<sup>ème</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine** de Port-au-Prince. Ce rapport couvre la période **de janvier à mars 2012. Nous constatons que la tendance à l'augmentation de la violence dans la capitale se confirme, même si le mois de janvier a connu une légère baisse. Mais le mois de janvier a été secoué par le terrible accident routier qui a couté la vie d'au moins 38 personnes à Delmas 33. Par jour, entre 2 et 3 personnes continuent à perdre la vie de façon violente; la plupart victime de la violence armée. D'autres formes de violence répandues sont les braquages, holdups et vols à main armée.**

La Commission dédie ce rapport à la mémoire du Journaliste Jean Léopold Dominique et son gardien Jean-Claude Louissaint, assassiné le 3 avril 2000, cela fait 12 ans maintenant. 9 juges d'instruction ont enquêté sur le dossier, mais la lumière de la vérité et de la justice ne se fait pas sur ces crimes.

La Commission a choisi comme point central pour son analyse : **Y-a-t-il de la volonté politique ?** Pas mal de gens pensent qu'il faut combattre l'insécurité surtout avec la répression, avec davantage

d'armes, et même avec une armée. Mais quand nous regardons bien, nous voyons que l'impunité dans le pays est totale ; même les causes des actes criminels ne peuvent être déterminées de façon claire. La Justice n'est pas indépendante dans ses jugements, les enquêtes n'aboutissent presque jamais, il n'y a pas de sanctions pour les malfaiteurs. **La Commission est convaincue que la lutte pour instaurer un climat de sécurité nécessite justice et vérité dans les tribunaux, en plus, il faut un climat de justice sociale entre les citoyens et citoyennes.** Les autorités doivent se montrer à la hauteur de ces exigences, et manifester leur capacité et volonté politiques pour les réaliser.

*Le secrétariat de la Commission remercie les instances qui ont permis de vérifier certaines informations et données, comme l'HUEH et la PNH. La Commission vous salue et vous remercie de l'accueil que vous réserverez à ce rapport.*

*P. Jan Hanssens, Directeur national*

*Jocelin Renord, Secrétaire général Jilap Achipo*

*Me. Apollon Rovelsond, Enquêteur responsable*

Analiz ak kòmantè 42zyèm rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan

## **Eske genyen yon volonte politik nan zafè sekirite ?**

**Eske nou kab pale sou kapasite oswa sou volonte politik otorite leta yo pou kenbe sekirite piblik la epi pou lite yon fason pèmanan kont zak kriminèl yo ki genyen nan peyi a ak nan zòn metwopolitèn nan espesyalman ? Se kesyon sa a ki kenbe atansyon nou nan rapò sa a.**

**Men ki konsta nou fè pandan trimès la :**

- Chif viktим ki mouri nan ensekirite ak zam pa vreman desann pandan trimès la, lè n konpare l ak trimès anvan an. Te genyen **190** ka pou dènye trimès la, epi 203 pou trimès pase a. Valè viktим ak bal te bese yon ti kras pou mwa janvye a, ki se **41 ka**, epi li te vin monte ak fòs nan mwa fevriye ak **78 ka** epi nan mwa mas **71 ka**.
- Valè viktим nan ensekirite sou wout te monte anpil, avèk gwo aksidan ki te fèt nan Dèlma 33 nan mwa janvye a, kote pou pi piti 38 moun te mouri. Evènman sa a pote anpil kesyon sou kondisyon gwo pwa lou yo ap mache sou wout yo. Li atire atansyon moun sou sèvis enspeksyon ak sekirite sou wout yo.
- Zak kriminèl ki fèt yo (ki dokimante) sou moto wo anpil nan mwa fevriye ki se **16** ka epi pou mwa mas ki se **13 ka**.
- Ajan Iapolis yo kontinye ap viktим. Konsa, genyen **4** polisyè ki mouri. Pandan trimès la avan se te 6 ka.
- Zak sasinay sou direktè radyo Boukman nan ak chofè I nan Bwanèf montre yon lòt fwa ankò ki jan timoun yo mele nan aktivite kriminèl, epi granmoun sèvi ak yo.
- Pou gwo zak kriminèl yo, zòn Lasalin ak Site Solèy rive nan 45 viktим (pou pi piti) ; Petyonvil ak wout Frè rive nan 25 viktим pou trimès la. Men toujou genyen viktим yo pa konn ki kote yo sòti.
- Lòt bagay ki atire atansyon nou, se dife kriminèl yo t ap mete nan mache ak nan kan kote moun ap viv. Kit se moun k ap fè I pou chache yon enterè oubyen pou enpoze desizyon yon seri otorite te pran.

**Kèk konsiderasyon pou trimès sa a :**

Nou pa dwe blyie ensekirite a ak vyolans lan genyen differan dimansyon ladan I, epi li pran plizyè fòm. Epitou, chif moun ki mouri anba vyolans la sèvi tankou yon endikatè pami plizyè lòt ki posib. Yon endikatè pa montre sa k lakòz la. Konsa tou, fason nou wè oubyen nou santi ensekirite a pa toujou depann de fè yo, men tou de ki moun ki viktим epi fason yo rakonte ka yo nan radyo ak laprès, de fason y ap fè kòmantè politik sou li ak de fason popilasyon an ap viv epi konprann tout bagay sa yo.

Deklarasyon ak pwomès otorite yo ap fè sou sitiyasyon ensekirite ki nan zòn metwopolitèn nan pa abouti ak yon solisyon pou korije sitiyasyon an.

Defini yon politik sekirite se zafè ak reskonsablite Leta ; li dwe rantre nan yon volonte klè pou aji nan enterè popilasyon an. Sitwayen ak sitwayèn yo gen dwa pou mande Leta aji, paske se yo k peye taks ki pèmèt Leta kanpe. Se misyon otorite yo pou veye pou taks sa yo, ki yon devwa sitwayen, sòti nan patisipasyon tout moun selon kalite travay moun nan genyen ak kapasite reyèl li genyen pou l patisipe.

Nan zafè sekirite, pa genyen prevansyon k ap fèt an pèmanans, menm jan yo pa rapouswiv bandi yo devan lajistis, epi ankèt yo pa janm abouti. Tout sa fè n wè degré enpinite malfektè yo ap jwi. Tout bagay sa yo bay gwo chimen pou yo reyalize nenpòt inisyativ kriminèl san pwoblèm.

### **Kèk fè ki montre ensekirite epi ki kontribye anpil nan ògmantasyon santiman ensekirite a pandan trimès la.**

- Jou ki te 16 janvye 2012 bò 10 zè nan aswè, yon terib aksidan rive fèt nan Dèlma 33 devan Televizyon Nasyonal d Ayiti. Pou pi piti **38 moun mourí** nan dram sila a. Enstitisyon Leta yo pa janm te prezante yon bilan final.
- Jou ki te 13 mas 2012 nan lannuit, nèg ak zam yo pa idantifye rantre lakay fanmi Antoine, epi yo egzekite **5 moun ; 2 timoun te nan mitan yo ki te genyen 2 lane ak 10 lane**. Apre sa bandi yo mete dife nan kay la.
- Jou ki te 6 mas 2012, nèg sou moto yo pa idantifye touye devan lakay li, mesye **Venel Joseph**, ki se ansyen Gouvènè Bank Santral la, se yon pèsonalite anpil moun konnen.
- Jou ki te 4 fevriye nan maten, nèg sou moto yo pa idantifye egzekite **3 jèn gason** nan Ri 6.
- Zak sasinay Direktè radyo Boukman, mesye **Nelson Jean Liphaité** ak chofè li ; selon sa yo fè n konnen, se manm **Baz Timoun** nan Bwanèf ki fè l, men lòt moun kontredi enfòmasyon an. Zòn sa a gen yon nivo vyolans ki bay anpil enkyetid, kote yo sèvi ak timoun tou nan vòl ak zam, kidnapin ak lòt move zak.
- Nan lannwit 20 mas 2012, plizyè bandi ak zam rantre lakay sitwayen **Burton Chenet**, nan Ri Monjoli nan Tijo, epi yo egzekite l.
- Plizyè polisye nou pral site non yo jwenn lanmò pandan trimès la : **Wilhem Philippe** ki se yon ajan Kat team, **Patrick Célestin** ki se yon ajan BIM, **Angelo Pierre-Louis** ki se yon ajan Swat team ak **Serge Casseus**.

Lanmò diferan pèsonalite sa yo ak sikonstans yo ogmante santiman ensekirite a nan kapital la anpil. Li fè moun kwè genyen yon ogmantasyon aklè pandan dènye mwa sa yo sèlman, alòske ensekirite ak zak zak vyolans yo te la deja pou pi piti depi nan mwa oktòb 2011 ak 3 moun ki te mouri ak vyolans chak jou.

- Nan tan ki sòt pase a, nou dwe gade tou plizyè mache publik nan zòn metropolitèn nan ki te pran dife : mache Taba, mache Kwadèboukè, mache Kwadèmisyon ak mache Katon. Anpil moun panse se zak kriminèl yo ye. Yo ogmante ensekirite sosyal ak ekonomik pou popilasyon an. Depi yon bon bout tan, gen yon pratik mechan pou mete dife nan mache publik yo pou enterè pèsonèl oubyen pou enterè politik, sa ki ap rann ti machann yo pi pòv. Pa janm genyen okenn ankèt ak sanksyon Lajistis ki rive pini koupab yo ak pou dedomaje viktim yo san demagoji.
- Nan kan yo tou genyen zak kriminèl ki fèt, gen dife ki te pran, tankou nan kan ki nan Lise Tousen, kote 3 moun te pèdi lavi yo epi 98 tant te boule nan jou ki te lendi 12 mas 2012, bò 2 zè nan maten. Yon pati nan kan ki nan Mozole a te pran dife tou nan menm peryòd la. Yon dife te pran tou nan yon kan ki nan Kafou Peyan, kote yon timoun te mouri ; dife sa a ta rezulta yon aksidan. Mouvman vyolans yon gwoup atoufè te pwovoke sou plas Jeremi nan mwa desanm nan te swiv yon lòd otorite yo te bay pou tout moun mare pakèt yo.

- Jou ki te 29 mas 2012, apre yon lapli ki t ap tonbe nan kapital la pandan yon ti tan, 6 moun nan yon sèl fanmi mouri nan yon eboulman anndan yon menm kay nan mòn Kalvè.

### **Kèk bagay ki montre yo pa pran ensekirite a oserye :**

1. Konsèy Siperyè Polis Nasyonal la (CSPN) se kote yo mete sou pye plan sekirite pou vil la ak pou peyi a, epi yo fikse differan desizyon pou fè yo aplike l. Plizyè enfòmasyon ta fè kwè pa genyen antant nan mitan otorite yo ki fè pati Konsèy la. Sa ki rann difisil tout mezi yo te kapab pran pou asire sekirite sitwayen yo.
2. Kolaborasyon ant Ministra ak otorite ayisyen pa mennen bon jan konfyans. Nan mwa fevriye a, Prezidan Republik la, apre yon rankont ak chef Ministra a sou zafe ensekirite nan kapital la, te fè konnen Misyon LONI an genyen yon sèvis sekrè. Kòman yon fòs etranje kapab kreye yon sèvis sekrè epi Leta ayisyen pa genyen okenn kontwòl sou li ? Pou ki sa Ministè Enteryè pa mete sou pye yon sèvis konsa ? Kiyès ki chef sèvis sekrè Ministra a ? Eske sèvis sekrè sila a pa kapab tounen yon mwayen pou destabilize nan yon peyi kote politisyen ap fè anpil politik malonèt ?
3. Chak zak sasinay ki fèt nan peyi a mande pou Komisè Gouvènman yo ta prese prese mennen ankèt pou kapab jwenn ki kote krim nan soti, pou jwenn koupab yo, pou kapab pwoteje sosyete a. Se yon ankèt sèlman ki kapab montre ki sous kriminalite a genyen : Ki bann ki ladan l ? Eske se moun ki sove nan prizon oubyen moun ki depòte nan peyi etranje k ap opere ? Eske se mond dwòg la ak regleman kont yo k ap bouje ? Sèl yon bon ankèt ki rive nan rezulta l ta kapab di aklè ki sous ensekirite a genyen. Si sa pa fèt, bandi ak malfektè ap toujou kwè yo genyen **lisans enpinite a !**
4. Yon bon ankèt kòmanse kon zak la fenk fèt, epi sa mande yon bon kòdinasyon ak kolaborasyon ant tout aktè yo : Yon bon pwoteksyon zòn krim nan oubyen aksidan an, pèmèt yo mennen bonjan konsta pou montre tout kondisyon ak sikostans ki mennen lanmò viktim yo si genyen. Yo dwe kolekte differan eleman yo ki kapab fè ankèt la vanse. Lapolis, medsen, jij depè tout dwe montre nivo konpetans yo nan matyè kriminèl.
5. Sèlman yon bon ankèt ak bon jijman kapab mennen nan yon seri sanksyon ki kòrèk epi ki pèmèt viktim yo jwenn reparasyon pou sa yo te sibi. Si sa pa fèt, peyi a toujou ap rete anba dominasyon enpinite ak manke reskonsablité ; l ap rete anba youn sispèk lòt ak nan koripsyon, epi moun ki refize fè sa yo dwe fè ap kontinye ap anrichi tèt yo nan kondisyon ki pa janm klè.

### **Pou sa ki konsènen lapolis**

6. Peyi a genyen 10.000.000 moun pou 10.000 polisye. Yon valè enpòtan (20 % ?) nan yo ap sèvi nan administrasyon, yo siveye sekirite otorite ak moun ki pwòch Gouvènman an. Sa desann kantite polisye yo ki disponib pou bay popilasyon an sekirite nan lari a anpil.
7. Manke ankadreman ak ekipman ki pi senp pou polisye yo. Sa bay bandi yo avantaj. Polisye a yo te asasinen nan zòn Lasalin, pa t menm genyen yon jile pabal sou li.
8. Fòk nou di tou kreye yon lame nasyonal pa p rezoud anyen nan kesyon sekirite sitwayen yo bezwen, epi li pa p regle anyen nan kantite polisiye ki pa genyen. Travay lapolis pa menm ak travay lame ta gen pou fè. Si ta gen bezwen pou remete lame a sou pye, se pa pou rezoud fèblès polis nasyonal la genyen sa dwe fèt.

### **Pou sa ki konsènen trafik sou wout an patikilye**

9. Dezòd k ap fèt nan zafè sikilasyon nan kapital prezante plizyè fason :
  - a. Aksidan Dèlma 33 montre deja nivo delabreman sèvis enspeksyon machin yo ki pa fèt vreman. Sèl bagay ki fèt se pran nimewo motè a san yo pa panche sou eta jeneral gwo machin k ap sikile nan lari a. Sèvis sikilasyon pa yon sèvis publik k ap bay sekirite pou moun ki sou wout yo. Daprè kèk enfòmasyon nou jwenn, kamyon ki te fè aksidan an pa t janm te fè enspeksyon, paske sèvis sa a pa fonksyone.
  - b. Nan trafik la toujou, nou jwenn yon seri machin ki genyen jiwofa, sirèn, klaksòn k ap imite sa k pou lapolis, vit yo fimen ki fè ou pa kapab wè moun ki anndan yo, y ap sikile ak plak prive, san yo pa okipe pèsonn. Aksyon machin sa yo bay anpil pwoblèm. Se menm jan tou pou yon seri machin ak plak OF ak SE k ap sikile san okenn prensip sikilasyon.
  - c. Anpil chofè ap kondi machin ak yon men sou volan epi lòt la ap kenbe yon telefòn selilè nan zorèy yo. Se yon danje nan sikilasyon an.

### **Sou kesyon anviwònman an**

10. Sityasyon kritik anviwònman an nan zòn metwopolitèn nan bay tèt chaje, epi anpil konstriksyon ap fèt nan move kondisyon. Sa k fè, li pa posib pou kontwole nivo danje ki menase popilasyon an. Tou sa rive poutèt mank reskonsablité dirijan yo, politik lese grennen, san vizyon. Kanal yo ak ravin yo pa netwaye an pèmanans. Pa genyen yon jesyon kòrèk sou matyè plastik yo ak sou fatra a. Twou egou yo ki pa bouche, poto elektrik yo ki nan move eta, nich poul ki nan wout yo : tout bagay sa yo pote anpil danje pèmanan pou popilasyon an. Kilès otorite ki pran lapenn nan pwoblèm popilasyon an ap fè fas la ?

### **Lòt eleman toujou**

11. Moun ki viktim yon zak kriminèl, menm sa k viktim neglijans ki genyen kote otorite yo, dwe jwenn reparasyon kòrèk pou domaj yo sibi. Ministè Zafè sosyal ak sistèm jidisyè a gen wòl pa yo pou yo jwe pou viktim yo jwenn jistis ak reparasyon poutèt neglijans otorite yo.
12. N ap repete enpòtans jistis sosyal la ak satisfaksiyon tout dwa moun genyen k ap mennen toutbon pou reyalize yon vrè politik sekirité. Klima politik ki genyen nan moman sa a nan peyi a pa pote lespwa ap genyen chanjman anvan lontan. Yo pa manyen pwoblèm sosyal popilasyon an ak konpetans epi otorite yo pa montre yo pran konsyans pwoblèm moun yo.
13. *Volonte politik la sanble rete nan repete gwo diskou ak nan fè gwo deklarasyon ki pou montre bon santiman kay otorite yo. Men, kiyès ki genyen enterè tout bon pou genyen sekirite nan peyi a ?*

### **Men ki sa Komisyon Episkopal Nasional Jistis ak Lapè rekòmande :**

1. Tout manm Konsèy Siperyè Polis la dwe kreye antant nan mitan yo nan kad travay yo gen pou fè a.
2. Lapolis jidisyè ak sistem jidisyè a dwe rive fè ankèt ak jijman yo abouti nan yon rezulta. Fòk rive genyen jistis ak reparasyon pou tout viktim vyolans ak zak kriminèl.
3. Leta a dwe kreye yon kad pou pwoteje ti machann yo, sa k ap pèmèt yo genyen yon asirans sosyal ki pou pwoteje yo kont tout move zak bandi epi kont tout lòt aksidan tankou dife ki kab rive yo.
4. Yo dwe pran yon seri mezi senp ki kapab bay plis sekirite :
  - a. Fè travay reparasyon nan ravin yo, nan wout, elatriye. (Se yon seri travay ki dwe fèt toutan).
  - b. Mete an aplikasyon bon jan mezi pou fè chofè yo aplike regleman trafik sou wout ki la yo.

- c. Mete bon jan kontwòl nan zafè vann kat Sim pou telefòn. Nan moman n ap pale a mank kontwòl la kapab pote gwo pwoblèm pou kouvri zak bandi.
  - d. Egzije pou sèvis Leta yo, tankou EDH, repare poto elektrik yo ki yon malè pandye an pèmanans pou popilasyon an.
5. Palmantè yo dwe devlope yon volonte ak yon fason pou fè lwa pou korije tout vid legal ki genyen nan plizyè domèn aktivite nan peyi a.
  6. Devan pakèt moun sa yo ki mouri ak bal, Komisyon Jistis ak Lapè a kontinye mande pou genyen yon pi bon kontwòl sou zafè trafik zam ak kondisyon pou moun pote zam nan peyi a.

## Analyse et commentaire du 42ième rapport sur la violence à travers la zone métropolitaine

### Y a-t-il de la volonté politique en matière de sécurité ?

**Peut-on parler de la volonté ou de l'incapacité des autorités étatiques pour prévenir et maintenir la sécurité publique et la lutte contre la criminalité de manière permanente dans le pays et particulièrement dans la zone métropolitaine ? C'est la question qui nous préoccupe dans ce rapport.**

**Voici les faits et constats saillant du trimestre :**

- Les chiffres des victimes mortelles de l'insécurité a connu une légère diminution au cours de ce trimestre, comparé au trimestre précédent (**190** pour la période, contre 203 pour la période précédente). Le nombre de **victimes par balles** a fait une légère baisse au mois de janvier (**41** cas), pour remonter en force en février et mars (respectivement **78** et **71** cas).
- Le nombre de victimes de **l'insécurité routière** par contre fait une monté spectaculaire par l'accident terrible de Delmas 33 au mois de janvier de cette année, qui a lui seul a fait au moins **38** victimes mortelles. Cet événement pose de façon aigue la question des conditions dans lesquelles roulent les poids lourds et la question de l'inspection des voitures et la sécurité routière.
- Les crimes commis (et documentés) à partir de **motos** atteint un record au mois de février 2012 avec **16** cas (contre **4** en janvier et **12** en mars).
- La **police** continue à être victimes : **4** policiers sont tombés au cours du dernier trimestre, contre 6 pour le trimestre précédent.
- L'assassinat du Directeur de radio Boukman et de son chauffeur à Bois Neuf attire de nouveau l'attention sur **l'utilisation d'enfant** par des adultes dans des activités criminelles.
- Cité Soleil compte au moins **45** victimes suite aux grands actes de criminalité au cours du trimestre. La zone Petionville et route Frères en compte au moins **25**.

- D'autres faits encore attirent notre attention, comme **des feux criminels** dans des marchés et camps d'hébergement en vue de poursuivre des intérêts privés ou même pour imposer des décisions de certaines autorités.

### **Quelques considérations pour ce trimestre :**

On ne saurait jamais perdre de vue les dimensions et les formes multiples que prennent l'insécurité et de la violence. Les exemples cités en sont des illustrations. Les chiffres de mort violente ne sont qu'un indicateur parmi d'autres indicateurs possibles. L'indicateur n'est la cause. En outre, la perception ou sentiment d'insécurité ne dépend pas toujours des faits, mais également des personnes qui sont victimes et de la façon dont les faits sont relayés par les médias, par les commentaires politiques et la façon dont tout cela est perçu et vécu par la population.

Les déclarations et promesses des autorités sur la situation d'insécurité qui prévaut dans la zone métropolitaine n'aboutissent pas à un redressement de la situation.

Définir une politique de sécurité est et demeure l'œuvre de l'Etat qui doit s'articuler à travers une volonté d'agir pour le bien être de la population. Les citoyens et citoyennes ont le droit à des interventions réelles de l'Etat ; les citoyens paient les taxes qui permettent la pérennisation de l'Etat. Aux autorités de veiller à ce que ces taxes, un devoir pour les citoyens, soient équitablement redistribuées parmi la population en fonction de leur revenu et capacité réels.

La prévention en matière de sécurité ne se réalise pas de façon permanente, tout comme les poursuites en justice des bandits et les enquêtes qui restent sans résultat aucun et donc démontrent le degré d'impunité dont jouissent des malfaiteurs. Tout cela laisse le champ libre à n'importe quelle initiative criminelle qui peut être perpétrée en toute quiétude.

### **Certains faits illustrent l'insécurité et contribuent fortement à l'augmentation du sentiment de l'insécurité au cours du trimestre :**

- Le 16 janvier 2012 vers 10 heures du soir, un terrible accident s'est produit au niveau de Delmas 33 par devant le local de la Télévision Nationale D'Haïti, **38 personnes** ont péri dans cette tragédie. Aucune institution de l'Etat n'a présenté un bilan final.
- Le 13 mars 2012 au cours de la nuit, des hommes armés non identifiés ont pénétré la maison de la famille Antoine et ont sommairement exécuté **5 personnes dont deux enfants respectivement âgés de 2 et 10 ans**, puis ont mis le feu dans la maison
- Le 6 mars 2012 des motards armés non identifiés ont exécuté à l'entrée de sa maison monsieur **Venel Joseph**, l'ex Gouverneur de la Banque centrale, une personnalité connue dans la société.
- Le 4 février 2012, à l'aube du matin, des hommes armés non identifiés à moto ont exécutés **trois (3) jeunes garçons** à la Rue 6.
- L'assassinat du Directeur de radio Boukman, monsieur **Nelson Jean Liphaité** et son chauffeur serait, selon certains, perpétré par des membres de **Baz Timoun** à Bois Neuf ; cette information est démentie par d'autres sources. Cette banlieue connaît un niveau de violence inquiétant et des enfants seraient utilisés dans les vols à main armée, le kidnapping et autres forfaits.
- La nuit du 20 mars 2012 des bandits sont entrés chez le citoyen **Burton Chenet**, à la Rue Montjoli, à Turgeau, et son exécution s'est suivie.
- Les policiers suivants ont trouvé la mort au cours du trimestre : **Wilhem Philippe**, un agent de Cat team, **Patrick Célestin**, un agent de la BIM, **Angelo Pierre-Louis**, un agent de Swat team et **Serge Casseus**.

La mort de ces personnalités et les circonstances augmente automatiquement le sentiment de l'insécurité dans la capitale et laisse croire à une augmentation spectaculaire au cours des derniers mois, tandis que l'insécurité, fruit des actes de violence, sévit depuis au moins le mois d'octobre 2011, avec 3 morts violents chaque jour.

- Plusieurs marchés publiques de la zone métropolitaine ont été touchées par le feu : le marché de Tabarre, de la Croix des Missions, et celui de Carton font penser à des actes criminelles et augmentent l'insécurité socio-économique de la population. Depuis plusieurs années, la pratique méchante de mettre le feu dans des marchés publics à des fins d'intérêt personnel ou à des fins politiques, appauvrit les petits marchands. Aucune enquête ou sanction judiciaire n'ont jamais été prise pour punir les coupables ou dédommager les victimes hors de tout cadre démagogique.
- Dans les camps de fortune également des actes criminels sont perpétrés et des incendies ont lieu, comme dans le camp situé au lycée Toussaint Louverture, où trois personnes ont péri, dans le feu et quatre vingt dix huit tentes sont détruites le lundi 12 mars 2012 à 2 heures du matin. Une partie du camp du Mausolée a été incendiée dans la même période. Le feu qui a ravagé le camp (Carrefour Péan), où un enfant a perdu la vie, serait d'origine accidentelle. Des violences à la Place Jérémie au mois de décembre ont suivi l'ordre de l'autorité de vider les lieux.
- Le 29 mars 2012 en soirée, suite à une pluie qui s'est abattue sur la capitale en un laps de temps, 6 personnes d'une même famille ont trouvé la mort dans un éboulement de terre au Morne Calvaire.

#### **Des faits qui mènent à la banalisation de l'insécurité :**

1. Le Conseil Supérieur de la Police Nationale (CSPN) est la table de planification du plan de sécurité pour la Ville et le pays, ainsi que des mesures à mettre en pratique. Des informations font état des mésententes qui existeraient entre les autorités qui constituent ce dit Conseil, ce qui saperait les dispositions à prendre pour assurer l'ordre sécuritaire.
2. La collaboration entre la MINUSTAH et les autorités haïtiennes ne rassure pas. Au mois de février, le Président de la République, suite à une rencontre avec le chef de la MINUSTAH sur l'insécurité dans la capitale, a fait savoir que la Mission Onusienne dispose d'un service secret. Comment une force étrangère peut-elle créer un service secret sans que les autorités de l'Etat n'exercent aucun contrôle sur cette structure ? Pourquoi le Ministère de l'Intérieur ne se charge pas de telle initiative ? Qui est le chef de ce service de la MINUSTAH ? Est-ce que ce service secret ne pourrait pas devenir un facteur de plus grande déstabilisation dans un pays où la politique politique est si importante ?
3. Chaque assassinat perpétré dans le pays devrait urger les Commissaires du Gouvernement à déclencher une enquête criminelle pour tâches la source du crime et ses coupables et pour protéger la société. Une enquête seulement peut révéler la source de la criminalité : des bandes constituées ? Des évadés ou déportés qui sont à l'œuvre ? Le monde de la drogue et des règlements de compte ? Seul une enquête qui aboutisse peut clarifier les sources de l'insécurité. Sans ces enquêtes, les malfaiteurs auront la prétention qu'ils détiennent la licence de l'impunité !
4. Une bonne enquête débute toute de suite après le forfait et exige une bonne coordination et collaboration de plusieurs acteurs : sécuriser le lieu du crime ou de l'accident, constat des

conditions de la mort des victimes s'il y en a, collecte des indices susceptible à initier et faire avancer l'enquête. La police, le médecin, le juge de paix, tous doivent faire preuve de compétence en matière criminelle.

5. L'enquête et le jugement seulement peuvent aboutir à des sanctions justes contre les criminels et permettre aux victimes d'obtenir réparation pour les dommages subis. Faute de quoi, le pays reste sous le règne de l'impunité et de l'irresponsabilité ; il reste sous la suspicion de la corruption et de l'enrichissement illicite de ceux qui refusent de faire ce qu'ils doivent faire dans les circonstances.

#### **En ce qui concerne la police**

6. Le pays compte 10.000.000 d'habitants, pour 10.000 policiers. Un nombre important (20 % ?) sont affectés à des tâches administratives et à la protection des officiels et autres personnes proches du Gouvernement. Ceci diminue fortement l'effectif de policiers disponibles pour assurer la sécurité dans les rues.
7. L'absence d'encadrement et des équipements élémentaires pour les policiers profite aux bandits. Le policier victime à La Salines ne portait pas de gilet par balles.
8. Il faut noter que la création d'une armée nationale ne résoudrait en rien la question de la sécurité et des carences de personnel au niveau de la police. La tâche ou mission de la police est différente de celle de l'armée. S'il y existerait le besoin de faire revivre l'armée, cela ne devrait être en aucun cas pour répondre aux faiblesses de la police nationale.

#### **En ce qui concerne le trafic routier en particulier**

9. Le désordre dans la circulation à travers la capitale se manifeste de plusieurs façons.
  - a. L'accident de Delmas 33 déjà révèle l'état inacceptable des inspections effectuées qui se limitent à contrôler le numéro du moteur et non pas l'état général des machines et poids lourds qui prennent la rue. Le service de la circulation n'est plus un service public, qui cherche à offrir de sécurité aux gens sur la route. Selon des informations, il paraîtrait que le camion qui a provoqué l'accident n'avait jamais été inspecté, d'ailleurs l'inspection technique est inexistante.
  - b. Des voitures munies de gyrophares, sirènes, klaxons qui imitent ceux de la police, avec vitres fumées qui rendent invisibles leurs occupants, circulent à travers les rues avec plaques privées, sans s'occuper de personne. Leur comportement pose de sérieux problème, tout comme d'ailleurs bon nombre de voitures avec plaque OF et SE qui ne s'occupent d'aucun principe de la circulation.
  - c. Nombreux chauffeurs pilotent leur voiture, une main au volant et l'autre occupée par leur cellulaire.

#### **En ce qui concerne l'environnement**

10. L'état environnemental de la zone métropolitaine est tellement dégradé, les constructions anarchiques envahissent la zone métropolitaine. Impossible de mesurer le degré de danger qui menace la population. Tout cela à cause l'irresponsabilité des dirigeants, leur laisser faire et leur manque de courage et de vision. Les canaux et ravines ne sont pas curés en permanence. Pas de prise en charge systématique des immondices et des matières plastiques. Les égouts à ciel ouvert, des poteaux électriques en mauvais état et des niches de poule dans les routes

constituent des dangers permanents pour la population. Où est l'autorité qui se soucie sérieusement du sort de la population ?

#### **Autres facteurs**

11. Les gens victimes des actes criminels, comme des négligences manifestes de la part de l'autorité, doivent pouvoir compter sur une réparation équitable pour les dommages subis. Le Ministère des Affaires sociales et le système judiciaire ont un rôle primordial à jouer pour réaliser cette justice restauratrice.
12. Nous répétons l'importance de la justice sociale et la satisfaction de tous les droits pour tous contribuent largement à la réalisation d'une politique sécuritaire. Le climat politique actuel ne porte pas de perspective de changement, les questions sociales ne sont pas adressées avec compétence et humanité par les autorités publiques.
- 13. *La volonté politique semble se limiter aux discours et déclarations d'intention. Qui a vraiment un intérêt dans la sécurité ?***

#### **Les recommandations de la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix :**

1. Nécessité pour les membres du CSPN d'harmoniser leurs rapports de travail et interventions.
2. La police judiciaire et le système judiciaire doivent arriver à des enquêtes et jugements qui permettent justice et réparation pour les victimes des violences, des actes de criminalité et des négligences manifestes.
3. Création d'un cadre sécuritaire pour les petits marchands, leur permettant d'avoir une assurance sociale leur protégeant contre des actes de banditisme et des accidents comme des incendies.
4. La réalisation d'un nombre de mesures simples pourrait aider à assurer plus de sécurité
  - a. Des travaux d'entretien, une nécessité de toute façon, aux canaux et certains tronçons de route.
  - b. La mise en application stricte de certains règlements du trafic routier.
  - c. Un contrôle plus strict sur la vente des cartes SIM, qui dans l'état actuel peuvent servir sans problème pour couvrir des actes de banditisme.
  - d. Exiger des services de l'Etat comme de l'EDH de réparer les poteaux électriques en mauvais état qui constituent un danger permanent pour la population.
5. Les parlementaires doivent développer une politique législative pour corriger les vides légaux existant dans plusieurs sphères d'activité du pays.
6. Face au grand nombre des morts par balles, la Commission continue à insister sur un contrôle effectif et efficace de la circulation et du port d'armes à feu dans le pays.

**Fason nou analize krim ak asasinay yo nan Pòtoprens**  
**Tableau synthèse des crimes à Port-au-Prince**

		Mwa Janvye <b>99 viktim</b>	Mwa Fevriye <b>93 viktim</b>	Mwa Mas <b>101 viktim</b>
<b>1. Sou idantite viktim yo</b>				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		<b>1 polisyé</b>	<b>2 polisyé</b>	<b>1 polisyé</b>
Fannm ki viktim		<b>11 fanm</b>	<b>13 fanm</b>	<b>13 fanm</b>
Timoun ki victim		<b>3 timoun</b>	<b>3 timoun</b>	<b>4 timoun</b>
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		<b>53</b>	<b>30</b>	<b>25</b>
<b>2. Sou lakòz lanmò yo</b>				
Moun ki mouri ak bal		<b>41</b>	<b>78</b>	<b>71</b>
	Moun ki mouri ak bal lapolis	-	2	-
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis /Minustah	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	3	10	13
	Viktim afwontman ant gang	1	-	-
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	37	66	58
Moun ki touyetèt yo		-	-	<b>1</b>
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		<b>5</b>	<b>6</b>	<b>7</b>
Moun ki mouri nan aksidan		<b>46</b>	<b>7</b>	<b>9</b>
Moun ki mouri nan move tan		-	-	<b>6</b>
Lôt kòz ak sa yo pa konnen		<b>7</b>	<b>2</b>	<b>7</b>

<b>3. Sou kèk katye : ki kote</b>				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		<b>2</b>	<b>3</b>	<b>1</b>
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		<b>7</b>	<b>17</b>	<b>21</b>
Zòn Kafou		<b>2</b>	<b>7</b>	<b>2</b>
Gran Ravin ak Matisan		<b>2</b>	<b>2</b>	<b>3</b>
Petyonvil, wout Frè		<b>11</b>	<b>2</b>	<b>12</b>
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital		<b>9</b>	<b>4</b>	<b>11</b>
<b>4. Sou kèk lòt sikorans</b>				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		-	<b>4</b>	<b>2</b>
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

**Tablo vyolans sou zòn metropolitèn nan  
Pou mwa janvye 2012**

Jou, dat ak lè	Enfòmasyon sou viktim yo	Ki Kote, zòn, Katye	Esplikasyon nou ranmase sou viktim nan, nan moman aksyon an te pase
Dimanch 1 janvye 2012, nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, Lopital General	Yo jwenn viktim nan mouri ak <b>bal</b> nan lari, yo te transpòte I nan mòg Lopital Jeneral.
Dimanch 1 janvye 2012, nan maten	Yon fanm yo pa idantifye	Kwadèboukè	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Lendi 2 janvye 2012 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Ri Makajou	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Madi 3 janvye 2012 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Dèlma, zòn Silo	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Madi 3 janvye 2012 nan lajounen	Faustin Frantz	Lopital Lapè	Viktim nan resewa <b>bal</b> nan lari, rive lopital li mouri.
Madi 3 janvye 2012 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Site Solèy, Pak Jan Mari Vensan	Nèg ak zam ki nan <b>gang</b> yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Mèkredi 4 janvye 2012, nan lajounen	Wilner Ulinus	Pòtoprens, Lopital General	Yo jwenn viktim nan mouri ak <b>bal</b> nan lari, yo te transpòte I nan mòg Lopital Jeneral.
Jedi 5 janvye 2012, bò 10 zè nan aswè	Yon jèn gason yo pa idantifye	Petyon vil, nan kafou Chanpay	Yon machin frape viktim nan, li mouri lapoula.
Vandredi 6 janvye 2012, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Dèlma	Yo jwenn viktim nan mouri ak <b>bal</b> nan lari, yo te transpòte I nan mòg Lopital Jeneral.
Dimanch 8 janvye 2012 nan lajounen	Charles Jondens	Pòtoprens, Lopital General	Viktim mouri nan aksidan machin. Yo te transpòte I nan mòg Lopital Jeneral.
Lendi 9 janvye 2012, nan lapremidi	Jean Alix	Dèlma	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Mèkredi 11 janvye 2012, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Site Solèy	Nèg ak zam ki nan <b>gang</b> yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .

Mèkredi 11 janwe 2012, nan lajounen	Luckenson Eliassaint	Pòtoprens, Ri Dasant	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Mèkredi 11 janwe 2012, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Kafou, Sou Wout Ray	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Jedi 12 janwe 2012 nan lajounen	<b>2 moun</b> ladan yo: Jackson Noelcuis	Pòtoprens, Rí Dikè	Viktim yo mouri anba <b>bal</b> Nèg ak zam ki ta p dechèpiye sa yo te genyen sou yo.
Jedi 12 janwe 2012 nan maten	Yon ti bebe	Dèlma	Yo jwenn kò ti viktim nan abandone nan lari. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
